

### SS.7.C.4.3

*Dekri egzanp sou kouman peyi Etazini te fè fas ak konfli entènasyonal yo.*

---

**SS.7.C.4.3 Klarifikasyon sou Nasyon Fondamantal 4:** Elèv yo ap idantifye diferan metòd peyi Etazini te itilize pou fè fas ak konfli entènasyonal yo.

Peyi Etazini te itilize plizyè diferan metòd pou fè fas a konfli entènasyonal yo. Metòd sa yo enkli: deklare lagè, **diplomasi**, envazyon militè, devlope **alyans** avèk lòt nasyon yo, rantrè jwenn òganizasyon entènasyonal yo tankou **NATO** (Òganizasyon Trete Atlantik di Nò) oswa **UN** (Nasyon Zini), ogmante taks sou machandiz ki soti nan lòt peyi, mete limit sou komès ak sèten nasyon), izolasyon (pa patisipe nan konfli lòt nasyon yo), ak fè **trete**.

**alyans** - yon inyon ant peyi yo pou asistans ak pwoteksyon

**diplomasi** - travay pou kenbe bon relasyon ant gouvènman nan diferan peyi yo

**OTNA) (NATO)** - Òganizasyon Trete Atlantik di Nò, yon gwoup 28 peyi yo ki te dakò pwoteje youn ak lòt nan ka ta gen atak; te fonde an 1949

**trete** - yon akò oswa yo aranjman ant de oswa plis peyi

**UN (Nasyon Zini)** - Nasyonzini, yon òganizasyon ki te fonde an 1945 pou kenbe lapè, devlope relasyon zanmitay nan mitan peyi yo, ak amelyore bon jan kalite lavi pou moun ki nan mond pòv yo; enkli manm nan 193